# Jańa jıl sawǵasın qalay tańlaw kerek?

Jańa jıl jaqınlasqanı sayın jańa jıldı kanday kútip alıw hám  jaqınlarımızdı qalay quwandırıw xaqqında oylap júremiz. Bul ushın álbette jaqsı sawǵa beriw biziń eń birinshi oyımızǵa keletuǵın pikir.  Xosh ózi jańa jıl sawǵası qanday bolıwı kerek? Negizi sawǵa úlken yaki kishi, arzan yamasa qımbat ekenligine qarap bahalanbaydı. Ol tek shın kewilden beriledi.

Sawǵa tańlawda sawǵa berip atırǵan adamnıń jası, minezi hám talǵamına karap beriw orınlı boladı. Kóbinese jumıs babındaǵı adamlarǵa basshı yamasa jumıstaǵı kásipleslerge sawǵa bergende olardıń minezlerine qaray otırıp kerekli bolǵan yaki paydalanatuǵın buyım yamasa basqa nárse beriwge boladı.

Image not found or type unknown

Al jańa jıl sawǵası biraz basqasharaq boladı.  Qıs máwsimi bolǵan soń kópshilik adamlar bas kiyim, sharf, xayal qızlarǵa oramal yaki qolǵap qullası jıllı bolatuǵın kiyim-kenshek hám soǵan uqsas nárseler beriledi. Shańarak aǵzalarımızǵa bolsa ózleri kópten kútip júrgen yamasa alǵısı kelip júrgen sawǵanı beriw eń maqul sheshim boladı.

Álbette usı orında kishkenelerimizdi de umıtpawımız kerek. Jumsaq oyınshıqlar, konfeta menen shokoladlar hám sol sıyaqlı mazalı nárseler balalardıń eń súyikli sawǵası. Usı orında «Eń jaqsı sawǵa óz qolı menen islengen sawǵa» degen sózdi de oyımızdan shıǵarmawımız kerek. Siz de bul usıldı qollap kóriwińiz múmkin.

**Tilegenov Baxtiyar**
**QMU studenti**